

# **BAB I BUBUKA**

## **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Basa nyaéta pakakas komunikasi nu dipaké ku manusa. Hiji basa lahir bareng jeung gubragna manusa ka alam dunya. Pon kitu deui basa Sunda, lahir bareng jeung gumelarna urang Sunda. Di Indonésia, aya mangratus-ratus basa daérah ti mimiti Sabang nepi ka Merauke, salasahijina nyaéta basa Sunda. Nurutkeun Sugiyono (2012), tina 726 basa daérah di Indonesia, aya 3 basa daérah nu panglobana dipaké nyaéta basa Jawa, basa Sunda jeung basa Madura, jumlah panyatur basa Sunda aya 34 juta jiwa. Dina kalungguhanna salaku basa daérah, basa Sunda miboga fungsi salaku lambang kareueus jeung jati diri daérah, alat komunikasi di masarakat, basa panganteur di sakola dasar (kelas 1, 2, jeung 3). Salian ti éta, basa Sunda ogé dipaké dina média masa (radio, tipi, surat kabar), sarana pikeun mekarkeun jeung pangrojong kabudayaan daérah, sarta jadi sumber kabeungharan basa nasional Indonésia (Sumantri, 1993, kc. 3).

Basa Sunda minangka basa daérah di Indonesia dipaké di sakuliah Jawa Barat. Dipakéna basa Sunda sumebar di unggal wewengkon anu sacara administratif aya dina wengkuan pamaréntahan kabupatén/kota aya ogé dina wengkuan anu leuwih leutik saperti kacamatan-kacamatan. Ku lantaran hirupna dina rupa-rupa latar wewengkon, basa Sunda téh ngabogaan ragam atawa variasi anu luyu jeung wewengkonna séwang-séwangan. Ragam basa Sunda anu dipaké di masing-masing wewengkon disebutna basa Sunda wewengkon. Sok sanajan kitu, aya ogé basa Sunda lulugu (standar) nu bisa dipikaharti ku masarakat Sunda di sakuliah Jawa Barat. Saluyu jeung kalungguhan Bandung salaku puseur pamaréntahan Jawa barat, hartina salaku puseur kagiatan budaya Sunda, basa wewengkon Bandung dianggap salaku basa Sunda lulugu (standar).

Salian ti basa Sunda wewengkon, tiap-tiap panyatur mibanda ragam basa has séwang-séwangan nu disebut idiolék. Ieu hal saluyu jeung nu ditétélakeun ku Chaer jeung Agustina (2010, kc. 63) yén sanajan hiji dialék miboga idiolékna séwang-séwangan, tapi miboga sasaran ciri anu nuduhkeun yén maranéhna sadialék. Umpamana waé, masarakat Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal boga kecap

“kompodan” nu hartina sarua jeung kecap “borangan” dina basa lulugu. Éta basa dianggap lumrah jeung dipikaharti ku masarakat Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal. Tapi bakal béda deui saupama éta kecap dipaké di wewengkon séjén. Bisa waé béda deui hartina atawa teu manggih kecap kitu. Éta hal nuduhkeun yén basa Sunda dialék Tasikmalaya miboga ciri anu béda jeung basa Sunda dialék Ciamis, Kuningan, Bandung, jrrd.

Kecap-kecap dina basa Sunda wewengkon téh tangtu jumlahna réa. Beuki dieu, éta kecap-kecap téh lain beuki nambahan tapi kalah ngurangan pangpangna di kalangan panyatur rumaja. Ari pangna ngurangan, lantaran réa kecap-kecap tina basa Indonésia atawa basa kosta anu asup tur dipaké di kaom rumaja, alatan ayana globalisasi jeung kamajuan téhnologi.

Kamajuan téhnologi téh geus ngabalukarkeun asupna basa-basa deungeun ngaliwatan tipi (televisi), radio, atawa hapé (*handphone*). Éta hal ngabalukarkeun asupna basa-basa séjén (basa Indonesia atawa basa Inggris) anu teu bisa dibasasundakeun, nepi ka dipaksakeun dipaké.

Ningali kaayaan kitu, sangkan basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal henteu tumpur atawa kadéséh ku jaman, perlu aya panalungtikan jeung inventarisasi sangkan basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal bisa dipikawanoh tur dilarapkeun deui ku masarakat. Ngaliwatan ieu cara, dipiharep kareueus kana maké basa sorangan/ basa indung leuwih ngaronjat deui.

Nilik kana panalungtikan saméméhna, panalungtikan ngeunaan basa Sunda dialék di Jawa Barat mémang geus réa. Hususna panalungtikan nu dilaksanakeun ku Departemen Pendidikan Bahasa Sunda, di antarana nyaéta “*Ragam Basa Sunda dina Pakasaban Masarakat di Kacamatan Cijeruk Kabupatén Bogor*” (Nidya Aprilia, 2017), “*Ragam Basa Sunda Ciak di Kacamatan Cibiuk Kabupaten Garut*” (Tanti Nurkomalasari, 2016), “*Basa Sunda Dialék Majalengka di Kacamatan Sukahaji*” (Dedeh Nurfaridah, 2008), “*Basa Sunda Dialék Bekasi di Kacamatan Setu Pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA*” (Ace Monika Murdiani, 2013),

jeung “*Basa Sunda Dialék Parung Panjang nu Dipaké Ku Siswa SMP/SMA di Kacamatan Parung Panjang Kabupatén Bogor*” (Ega Marantika, 2016).

Salian ti éta, aya ogé panalungtikan ngeunaan “*Geografi Basa Sunda Dialék Kabupatén Tasikmalaya*” (Karna Yudibrata, dkk., 1983). Sok sanajan ieu panalungtikan dilaksanakeun di Kabupatén anu sarua, tapi miboga bébédaan anu signifikan. Di antarana nyaéta lumangsungna panalungtikan dina kurun waktu anu jauh, kurang leuwih 34 taun ka tukang. Salian ti éta, panalungtikan saméméhna nalungtik dialék sa-Kabupatén Tasikmalaya, anu di jerona ngawengku 25 kacamatan. Salasahiji kacamatan anu ditalungtikna nyaéta Kacamatan Karangnunggal, tapi tina 14 désa nu aya di Kacamatan Karangnunggal, ngan 2 désa anu ditalungtikna. Béda jeung panalungtikan saméméhna, ieu panalungtikan dilaksanakeun dina kaayaan jaman anu geus beuki maju, ogé kahirupan masarakat anu geus leuwih modérn. Salian ti éta, wengkuan wilayah panalungtikan museur di Kacamatan Karangnunggal.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan anu judulna “*Basa Sunda Dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal*” perlu dilaksanakeun. Dipiharep tina ieu panalungtikan bisa méré pedaran anu jero ngeunaan basa Sunda dialék Tasikmalaya, hususna di Kacamatan Karangnunggal sarta dipiharep bisa dijadikeun kaweruh pangbéda idéntitas basa dialék nu dipimilik ku masarakat Tasikmalaya jeung masarakat séjénna. Ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun inventarisasi pikeun mikawanoh basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal jeung numuwuhkeun deui kareueus kana basa Sunda di wewengkon panalungtikan.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Patali jeung ieu panalungtikan, aya sawatara masalah anu diidéntifikasi nyaéta

- 1) legana kandaga kecap nu rék ditalungtik: istilah pancakaki, istilah gaganti ngaran, istilah kahirupan désa jeung masarakat, istilah bagian awak, istilah

imah jeung babagianna, istilah pakakas, istilah kadaharan jeung inuman, istilah panyakit, istilah pakasaban, istilah tutuwuhan jeung bungbuahan, istilah sasatoan, istilah usum jeung kaayaan alam, istilah budi parangi, kaayaan barang, jeung istilah pakéan;

- 2) ciri pangbéda dialék antara basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal jeung basa Sunda lulugu;
- 3) wangun kecap basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal;
- 4) dialéktométri jeung peta sebaran basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal.

Dumasar kana masalah nu geus dipedar, dina ieu panalungtikan moal medar sakabéh masalah nu geus didadarkeun. Ieu panalungtikan miboga fokus panalungtikan nyaéta

- 1) kandaga kecap nu rék ditalungtik ngawengku istilah pancakaki, istilah gaganti ngaran, istilah nu patali jeung kahirupan désa jeung masarakat, istilah imah jeung bagianana, istilah pakakas, istilah kadaharan jeung inuman, istilah panyakit, istilah sasatoan, usum jeung kaayaan, jeung istilah budi parangi;
- 2) ciri pangbéda dialék antara basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal jeung basa Sunda lulugu;
- 3) wangun kecap basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal;
- 4) dialéktométri jeung peta sebaran basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Sajumlahing masalah anu diguar dina ieu panalungtikan nyaéta

- 1) Naon waé kandaga kecap basa Sunda dialék Tasikmalaya nu aya di Kacamatan Karangnunggal?
- 2) Kumaha ciri pangbéda dialék antara basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal jeung basa Sunda lulugu?
- 3) Kumaha wangun kecap basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal?

- 4) Kumaha dialéktométri jeung peta sebaran wilayah géografis kecap-kecap basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta minangka salah sahiji tarékah pikeun mikanyaho jumlah kecap basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta

- 1) kandaga kecap basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal,
- 2) ciri pangbéda antara basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal jeung basa Sunda lulugu,
- 3) wangun kecap basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal, jeung
- 4) dialéktométri jeung peta sebaran wilayah géografis kecap-kecap basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Aya 3 aspék mangpaat tina ieu panalungtikan nyaéta 1) mangpaat tina segi teoritis, 2) mangpaat tina segi kawijakan, 3) mangpaat praktis, jeung 4) mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial.

#### **1.4.1 Mangpaat Téoritis**

Mangpaat teoritis tina ieu panalungtikan nyaéta bisa ngawewegan élmu kabasaan hususna élmu dialéktologi.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat pikeun sababaraha pihak.

- 1) Pakar linguistik, pikeun jadi panggeuing sangkan maluruh deui hal anu sarupa di wewengkon séjén.
- 2) Guru, pikeun jadi panganteur pangajaran basa Sunda di sakola.
- 3) Murid, pikeun bahan babandingan basa Sunda wewengkon jeung basa Sunda lulugu.

### 1.4.3 Mangpaat tina Segi Kawijakan

Dipiharep tina ieu panalungtikan bisa méré informasi ka Lembaga Basa jeung Sastra Sunda (LBSS) ngeunaan kandaga kecap nu aya di Kacamatan Karangnunggal, anu satuluyna bisa nambahan kosa kecap dina kamus. Ogé pikeun Departemen Pendidikan Bahasa Daerah (DPBD) dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan babandingan jeung Basa Sunda dialék séjén dina mata kuliah Sociolinguistik.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab. Anapon sistimatikana saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu dibagi jadi opat nyaéta mangpaat teoritis; mangpaat praktis; mangpaat tina segi kawijakan; jeung mangpaat tina segi isu, jeung aksi sosial sarta sistimatika tulisan.

Bab II Ulikan Pustaka, eusina ngawengku tiori-tiori nu ngadadasaran panalungtikan sarta kalungguhan masalah nu ditalungtik dina widang paélmuan. Dina ulikan pustaka, tiori-tiori nu aya dibandingkeun sarta dipatalikeun jeung masalah nu keur ditalungtik. Salian ti ayana tiori-tiori nu ngadadasaran dina BAB II gé kudu aya pedaran ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung kalungguhan tioritis panalungtikan nu dilaksanakeun.

Bab III Métode Panalungtikan, eusina ngawengku desain panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngawengku analisis data nu patali jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, dumasar kana nu dijadikeun péso analisisna.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina ngeunaan kumaha panalungtik nafsirkeun hasil analisis panalungtikan. Kacindekan mangrupa jawaban tina daftar pertanyaan nu aya dina rumusan masalah. Saran atawa rékomendasi ditujukeun ka nu nyieun kawijakan, ka nu ngagunakeun éta hasil panalungtikan, jeung ka para panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah nu sarua minangka lajuning laku tina hasil panalungtikan.

